

# POLITIK ÈD FINANSYÈ

## AMITA HEALTH

### OBJEKTIF

Objektif politik sa se pou klarifye egzijans pou administre èd finansye sistèm AMITA Health lan.

### POLITIK

Politik òganizasyon yo site anba a (kote chak gress se yon "Òganizasyon") se pou asire yon pratik jis pou nou kapab bay swen ijans ak lòt swen medikal ki nesesè nan etablisman òganizasyon an. Politik sa a fèt espesyalman pou reponn kalifikasyon pou èd finansyè pasyan ki bezwen èd finansyè epi k ap resevwa swen nan men òganizasyon an.

Politik sa aplike sou chak Òganizasyon ki pi ba yo anndan AMITA Health:

Alexian Brothers Behavioral Health Hospital  
Alexian Brothers Medical Center - Elk Grove  
Holy Family Medical Center – Des Plaines  
Mercy Medical Center - Aurora  
Resurrection Medical Center  
St. Francis Hospital - Evanston  
Saint Joseph Hospital - Chicago  
Saint Joseph Hospital - Elgin  
Saint Joseph Medical Center - Joliet  
Saints Mary and Elizabeth Medical Center  
St. Alexius Medical Center - Hoffman Estates  
St. Mary's Hospital - Kankakee  
Pratik Pwofesyonèl doktè yo

- Tout èd finansye pral koresponn ak angajman nou ak respè nou gen pou diyite chak gress moun ak byen piblik la, nan enkyetid espesyal ak solidarite nou gen pou moun k ap viv nan povrete ak lòt moun ki frajil yo, menm jan tou ak angajman nou nan favè jistis ak jesyon sistèm distribisyon an.
- Politik sa aplike pou tout swen ijans ak lòt swen medikal nesesè Òganizasyon an bay, tankou sèvis doktè kap travay yo ak sante konpòtman mantal yo. Politik sa pa aplike pou depans pou swen ki pa swen ijans ak lòt swen ki nesesè medikalman yo.
- Lis pwofesyonèl swen sante ki kouvri nan politik Èd Finansyè a bay yon lis tout moun k ap bay swen nan etablisman Òganizasyon an epi li presize kiyès politik èd finansyè a kouvri ak kiyès yo pa kouvri.

# DEFINISYON YO

## Definisyon espesifik nan politik yo

- A. "**501(r)**" vle di Seksyon 501(r) nan Kòd Revni Entèn yo ak règleman ki adopte yo.
- B. "**Kantite yo Faktire Jeneralman an**" oswa "**AGB**" vle di, sa ki konsène swen ijans ak lòt swen medikal ki nesesè yo, kantite lajan nòmalmnan moun ki gen asirans ki kouvri swen sa yo peye.
- C. "**Kominote**" vle di Eta Illinois. 'Viv nan Kominote a", nan objektif politik sa, vle di ou se yon rezidan Illinois - yon moun ki abite nan Illinois epi ki gen entansyon rete la pou tout tan, men se pa yon moun ki te demenaje ale rete nan Illinois pou resevwa benefis sante. Yo pral konsidere yon Pasyan tou tankou yon manm nan kominote òganizasyon an si swen ijans yo ak swen medikal nesesè li bezwen yo se rezulta swen ijans ak swen medikal nesesè li te resevwa nan yon lòt batiman AMITA Health Pasyan an te kalifye pou jwenn èd finansye pou swen ijans sa ak swen medikal nesesè yo.
- D. "**Swen Ijans**" vle di swen pou trete yon pwoblèm medikal nan fòm sentòm grav yo ak nan yon degré ki tèlman wo (ki gen ladan l doulè grav) si pasyan an pa resevwa swen medikal touswit, sa ka lakòz defisi ki grav nan fonksyon kò moun lan, yon grav malfonksyònman nan nenpòt ki ògàn oswa yon pati nan kò a oswa mete sante moun nan an danje seryezman.
- E. "**Swen medikalman nesesè**" vle di swen ki (1) apwopriye, konsistan e esansyèl nan prevansyon, nan dyagnostik oswa trètman kondisyon yon pasyan an; (2) disponiblite oswa nivo sèvis ki pi apwopriye pou kondisyon pasyan an ki san danje yo ofri; (3) pa ofri sitou pou facilite pasyan an, fanmi yo, doktè yo oswa moun kap bay swen yo; ak (4) plis kapab pote benefis pou pasyan an olye mal. Pou pwochen trètman ki pwogramme yo dwe "swen medikalman nesesè", yon Doktè an Chèf nan Òganizasyon an (oswa reprezantan l) dwe apwouve swen yo ak orè tretman an. Yo dwe pran yon desizyon konsènan swen medikal nesesè pou yon pwofesyonal sante ki otorize bay pasyan an swen medikal epi, nan diskresyon Òganizasyon an, ak doktè ki aksepte pasyan an, doktè kap trete a ak / oswa doktè ki chèf la oswa lòt medesin kap egzamine an (daprè kalite swen ki rekòmande an). Nan ka kote swen pasyan an mande yo politik la kouvri li yon doktè detèmine li pa medikalman nesesè, desizyon sa medsin ki te aksepte oswa ki te refere pasyan an dwe konfime desizyon an tou.
- F. "**Òganizasyon**" vle di AMITA Health ak konpayi ki kouvri nan Politik Èd Finansye sa menmjan sa dekri anwo a nan Seksyon II a.
- G. "**Pasyan**" vle di moun ki resevwa swen ijans ak lòt swen medikal nesesè yo nan Òganizasyon an ak moun ki responsab pou peye swen pasyan an.
- H. "**evalyasyon Sipoze**" vle di itilizasyon sous enfòmasyon pati endepandan an, ki ka gen dosye publik yo, oswa lòt mwayen objektif egzak ak rezonab pou evalye posibilité pou yon pasyan resevwa èd finansye.
- I. "**Pasyan ki pa gen asirans**" vle di yon pasyan ki pa kouvri ak yon politik asirans sante ak moun ki pa benefisyè nan asirans sante publik oswa prive, asirans sante oswa lòt pwogram pwoteksyon sante, ki gen ladan plan asirans sante ak franchiz ki wo, asirans konpansasyon pou travayè, asirans responsablité oswa lòt responsabilite pati endepandan.

# PWOSEDI NESESÈ YO

A. Èd finansye ki dekri nan seksyon sa se pou pasyan kap viv nan Kominote a sèlman:

1. Pasyan ki gen revni ki mwens pase oswa egal ak 250% nan revni nan Nivo Povrete Federal (Federal Poverty Level, FPL), ap gen dwa ak yon rabè 100% sou pati nan depans yo pouki Pasyan an se responsab apre yo te fin peye nan yon konpayi asirans, si sa aplikab, si yo konsidere Pasyan sa kalifye akòz yon evalyasyon ki baze sou yon sipozisyon (ki dekri nan paragraf 5 anba a) oswa si li depoze yon demann pou èd finansye (yon "Demann") nan pita pase 240 èm jou a apre premye fakti Pasyan ann soti nanan epi Òganizasyon an apwouve demann lan. Pasyan an pral kalifye pou èd finansye ki rive jiska 100% si Pasyan an depoze Demann lan apre 240 èm jou apre premye fakti Pasyan an soti, men lè sa a, kantite lajan nan èd finansye ki disponib pou Pasyan nan kategori sa limite pou Pasyan ak balans ki pa peye apre egzamen ki fèt sou kont Pasyan an. Yon Pasyan ki kalifye pou kategori nan èd finansye a pa pral peye plis pase pri AGB kalkile yo.
2. Nan konfòmite avèk lòt kondisyon sa yo nan politik Èd Finansye, Pasyan ki pa gen asirans ki gen revni ki pi wo pase 250% nan RPL la, men ki pa depase 600% nan RPL a, yo pral benefisyé yon rabè gradyèl sou pati nan depans sa yo pou sèvis yo ofri yo. Pasyan ki gen asirans ak revni ki pi wo pase 250% nan RPL la, men ki pa depase 400% nan RPL yo, pral benefisyé yon rabè gradyèl sou depans pou sèvis yo ofri pouki pasyan an responsab, jan yo eksplike sa nan avantaj plan asirans lan. Rabè sa yo aplike apre Pasyan an depoze Demann pou pita 240 èm jou apre premye fakti Pasyan an epi Òganizasyon an te apwouve demann lan. Pasyan an ap kalifye pou èd finansye si Pasyan an depoze Demann lan apre 240 èm jou apre premye fakti Pasyan an soti, men lè sa a, kantite lajan nan èd finansye ki disponib pou Pasyan nan kategori sa limite pou Pasyan ak balans ki pa peye apre egzamen ki fèt sou kont Pasyan an. Yon Pasyan ki kalifye pou kategori nan èd finansye a pa pral peye plis pase pri AGB kalkile yo.

Rabè gradyèl la ap fèt nan fason sa yo: Revni nan Nivo Povrete Federal la (Federal Poverty Level Income, FPL)

Echèle gradyèl pou pasyan ki pa gen asirans	%
0% - 250% FPL	<b>100%</b>
251% - 300% FPL	<b>95%</b>
301% - 400% FPL	<b>90%</b>
401% - 600% FPL	<b>85%</b>

Barème pou Pasyan ki gen Asirans yo	%
0% - 250% FPL	<b>100%</b>
251% - 300% FPL	<b>95%</b>
301% - 400% FPL	<b>90%</b>

3. Nan konfòmite avèk lòt dispozisyon ki nan Politik Ed Finansye a, yon Pasyan ki gen revni pi wo a 600% (pou moun ki pa gen asirans la) ak 400% (pou moun ki gen asirans la) nan FPL la ka kalifye pou èd finansye nan kontèksyon "Tès Kapasite" pou kèk rabè sou depans sèvis Pasyan nan òganizasyon an ki baze sou tout dèt medikal pasyan an Yon pasyan pral gen dwa ak Tès Kapasite èd finansye an si dèt medikal Pasyan an twò wo, ki gen ladan dèt pou pwofesyonèl sante AMITA Health ak tout lòt pwofesyonèl sante yo, pou swen ijans ak lòt swen ki nesesè pou rezon medikal, ki egal oswa pi wo pase revni brit kay pasyan sa a. Nivo èd finansye yo ofri anba Tès Kapasite a se menm jan ak sa yo ofri a yon pasyan ki gen revni 600% (san asirans) ak 400% (ak asirans) nan FPL nan Paragraf 2 ki pi wo a, si Pasyan sa depoze yon Demann pou pita 240 èm jou apre premye fakti Pasyan an soti epi si Òganizasyon an apwouve Demann lan. Pasyan an pral kalifye pou èd finansye redui an fonksyon resous ki genyen yo si

Pasyan an depoze Demann lan apre 240 èm jou apre premye fakti Pasyan an soti, men lè sa a, kantite lajan nan èd finansye ki disponib pou Pasyan nan kategori sa limite pou Pasyan ak balans ki pa peye apre egzamen ki fèt sou kont Pasyan an. Yon Pasyan ki kalifye pou kategori nan èd finansye a pa pral peye plis pase pri AGB kalkile yo.

Anplis sa, pou pasyan ki pa gen asirans yo gen dwa ak yon rabè gradyèl menm jan sa ki dekri nan paragraf 2 a, ranbousman sou peryòd 12 mwa yo limite plis ak sèlman 20% nan revni fanmi pasyan an.

4. Yon pasyan ka pa kapab kalifye pou èd finansye ki dekri nan paragraf 1 rive nan 3 ki pi wo yo si yo konsidere pasyan sa tankou li gen ase aktif pou peye apre li fin pase yon "Tès Aktif lan". Tès Aktif lan gen ladan l yon evalyasyon an detay sou kapasite yon pasyan genyen pou 1 ranbouse, ki baze sou kategori aktif ki defini nan Demann FAP an. Yon pasyan ki gen aktif ki depase 600% nan montan FPL Pasyan sa a ka pa kalifye pou èd finansye.
5. Yo kapab deside sou kondisyon pou resevwa èd finansye yo nenpòt ki lè nan sèk revni yo epi kapab gen ladan itilizasyon klasman baze sou yon sipozisyon pou yon Pasyan ki gen yon kredi ki pa peye nan premye 240 jou yo apre premye fakti Pasyan an soti pou yo deside sou kapasite pou benefisyè 100% swen charitab la, menm si Pasyan an pa ranpli demann pou èd finansye ("Demann FAP"). Yon evalyasyon sou kalite swen yo baze sou yon sipozisyon ki aplike pwen sèlman nan peryòd swen yo ki koresponn ak sipozisyon pwen yo.

Yo ap konsidere pasyan ki satisfè youn oswa plis nan kritè ki dekri anba yo kalifye pou yo benefisyè yon swen charite a 100%: moun ki pa gen kay pou rete yo, moun ki mouri ki pa gen okenn eritaj, moun ki gen andikap mantal ki pa gen yon moun ki reprezante pasyan an, posibilité pou benefisyè Medicaid, men se pa nan dat sèvis la oswa pou yon sèvis ki pa kouvri, enskripsyon nan Medicaid nan yon lòt eta kote òganizasyon an pa la epi ki pa gen entansyon vin yon founisè k ap patisipe, ak patisipasyon nan Medicaid men nan fen dat limit rezidans lan.

Lòt kategori otorize yo gen ladan enskripsyon pou pwogram ki anba yo: Pwogram Nitrisyon pou Fanm, Tibebe ak Timoun (Women, Infants and Children Nutrition Program, WIC); pwogram asistans nitrisyon siplemantè (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP); Pwogram manje maten ak midi gratis nan Illinois; Pwogram asistans pou enèji nan kay pou moun ki gen ti revni (Low Income Home Energy Assistance Program, LIHEAP); Enskripsyon nan yon pwogram gwoup òganize ki bay aksè a swen medikal ki evalye ak pwouve eta finansye limite moun ki pa gen anpil revni se yon faktè enpòtan; epi jwenn èd finansye pou sèvis medikal

6. Pou yon pasyan ki patisipe nan kèk plan asirans ki konsidere Òganizasyon an tankou "deyò rezo", Òganizasyon an ka diminye oswa refize èd finansye a ki ta disponib pou pasyan an sou baz yon revizyon nan enfòmasyon asirans pasyan an ak lòt sikostans ak eleman itil.
7. Pasyan an ka pote plent sou nenpòt ki refi konsènan benefis èd finansye pandan lap bay Òganizasyon an enfòmasyon detaye nan katòz (14) jou nan kalandriye apre li resevwa desizyon refi an. Òganizasyon ap revize tout kontestasyon yo pou yon detèminasyon final. Si detèminasyon final la konfime refi pou nou te bay anvan pou Èd Finansye a, n ap voye yon avi ekri ba Pasyan an. Pwosesis Pasyan ak fanmi yo dwe swiv pou fè kontestasyon kont desizyon Òganizasyon an konsènan dwa èd finansye an nan fason sa:
  - a. Sèvis Finansye pou Pasyan yo ta dwe resevwa nan yon premye tan kontestasyon yo pou revizyon epi fè swit, si sa aplikab
  - b. Yon komite reyine chak mwa pou revize tout apèl yo. Konpozisyon komite a dwe gen ladan reprezantan sèvis finansye pasyan yo, sèvis entegrasyon misyon, jesyon dosye / sèvis sosyal ak finans / CFO.

Apèl yo voye bay manm komite yo anvan reyinyon komite ki fèt chak mwa pou revizyon.

- c. Yon reprezantan sèvis finansye pasyan dwe prezan nan reyinyon komite a pou diskite sou chak ka epi pou bay plis enfòmasyon pasyan an ka bay.
- d. Komite a ka depoze yon akontestasyon si plis enfòmasyon detaye nesesè ki baze sou kesyon yo mande pandan pwoesis kontestasyon an.
- e. Komite an kapab aksepte, refize oswa depoze kontestasyon an. Komite a ka depoze yon apèl si plis enfòmasyon detaye nesesè ki baze sou kesyon yo mande pandan diskisyon apèl la.
- f. Sèvis Finans pou Pasyan yo pral infòme pasyan an oswa manm fanmi yo alekri sou rezulta apèl la.

## B. Lòt Èd pou Pasyan ki Pa Kalifye pou Èd Finansye an

Pasyan ki pa kalifye pou èd finansye, menm jan li dekri pi wo a, ka toujou benefisyè lòt kalite asistans Òganizasyon an ofri. Pou rezon pratik, lòt kalite asistans sa yo mansyone t la, menm si yo pa baze sou bezwen epi yo pa afekte atik 501 (r), men yo nan lis la pou fasilité kominote a. ki benefisyè sèvis Òganizasyon an.

1. Pasyan san asirans ki pa gen dwa ak èd finansye ap benefisyè yon rabè ki baze sou rabè ki ofri bay moun ki peye pi plis nan Òganizasyon sa. Moun ki peye pi plis la dwe reprezante omwen 3% nan popilasyon Òganizasyon an, ki baze sou volim oswa revni brit pasyan yo. Si yon sèl moun ki peye plis la pa rive nan nivo volim minimòm sa a, li nesesè pou fè yon mwayen pou gen plis kontra moun ki peye plis yon fason pou kondisyon ranbousman yo itilize pou reprezante pou pi pití 3% volim aktivite. Òganizasyon an pou ane sa.
2. Pasyan ki pa gen asirans ak sa ki gen asirans ki pa kalifye pou èd finansye ka benefisyè yon rabè pou yon ranbousman rapid. Yo ka ofri rabè pou ranbousman rapid la anplis rabè san asirans ki dekri nan paragraf anvan an.

## C. Limit Depans pou Pasyan ki Kalifye pou Èd Fnansye

1. Pasyan ki kalifye pou Èd Finansye pa pral peye separeman plis pase AGB pou swen ijans ak lòt swen nesesè medikalman e pa plis pase depans brit pou tout lòt swen medikal. Òganizasyon an kalkile youn oswa plis pou santaj nan AGB an lè l sèvi ak metòd "gade dèyè" an ki gen ladan l ranbousman pou sèvis nan asirans sante ak tout konpayi asirans prive ki peye reklamasyon ranbousman Oganzasyon an, tout selon règ 501(r).
2. Ou kapab jwenn yon kopi gratis pou deskripsyon kalkil AGB an ak pou santaj la (yo) sou sit entènèt Òganizasyon, pandan w ap rele 888-693-2252, pandan w ap voye yon mesaj imèl nan [amitafinancialassistance@amitahealth.org](mailto:amitafinancialassistance@amitahealth.org), oswa pandan w ap ekri:

AMITA Health PFS  
Atansyon: Financial Assistance Department  
1000 Remington Blvd., Suite 110  
Bolingbrook, IL 60440

## D. Demann pou Èd Finansye ak lòt Èd

Yon pasyan kapab kalifye pou èd finansye atravè yon sipoze evalyasyon oswa lè li mande èd finansye lè li depoze yon demann FAP ki konplè. Ou kapab jwenn Aplikasyon FAP an ak enstriksyon li yo sou sit entènèt Òganizasyon an oswa pandan w ap rele nan 888-693-2252, pandan w ap voye yon mesaj imèl bay [amitafinancialassistance@amitahealth.org](mailto:amitafinancialassistance@amitahealth.org), oswa lè w ap ekri:

AMITA Health PFS

Atansyon: Financial Assistance Department  
1000 Remington Blvd., Suite 110  
Bolingbrook, IL 60440

Òganizasyon an ap egzije pou moun ki pa sire an travay ansanm ak yon konseye finans nan objektif pou aplike pou Medicaid oswa lòt pwogram asistans piblik yo te konsidere pasyan an kalifye nan objektif pou l gen aksè ak èd finansye (sof lè li kalifye epi apwouve atravè evalyasyon sipoze). Yokopab refize yon pasyan èd finansye si li bay fo enfòmasyon sou yon demann FAP oswa an koneksyon avèk pwosesis evalyasyon sipoze pou kalifikasyon an, si li refize renonse pwodwi asirans oswa dwe peye dirèkteman. pa yon konpayi asirans ki ka fòse pou peye pou swen yo bay la, oswa si yo refize travay ak yon konseye finansye pou aplike pou Medicaid oswa lòt pwogram asistans piblik pou ki pasyan an konsidere kalify pou benefisyè èd finansye (sof lè li kalifye epi apwouve atravè evalyasyon sipoze). Òganizasyon an ka pran an kont yon demann FAP ranpli mwens pase sis mwa anvan nenpòt dat desizyon konsènan dwa pou swen pou detèmine si yon moun kalifye pou yon Episode swen aktyèl. Òganizasyon an pap konsidere yon demann FAP ki rive plis pase sis mwa anvan nenpòt dat desizyon kalifikasyon an.

## E. Finansman ak Ranbousman

Sanksyon Òganizasyon an ka pran nan ka kote moun lan pa peye ranbousman an ki dekri nan yon politik finansman ak ranbousman diferan. Ou kapab jwenn yon kopi gratis pou deskripsyon kalkil AGB an ak pouvantaj la (yo) sou sit entènèt Òganizasyon, pandan w ap rele 888-693-2252, pandan w ap voye yon mesaj imèl nan [amitafinancialassistance@amitahealth.org](mailto:amitafinancialassistance@amitahealth.org), oswa pandan w ap ekri:

AMITA Health PFS

Atansyon: Financial Assistance Department  
1000 Remington Blvd., Suite 110  
Bolingbrook, IL 60440

## F. Entèpretasyon

Politik sa, menm jan tout dispozisyon ki aplikab yo tou, yo fèt pou respekte epi yo dwe entèprete ak aplike an akò avèk dispozisyon ki nan atik 501(r), eksepte kote li dekri eksprè.

# REFERANS

- a. Politik Administratif Asansyon # 600 – Èd Finansye Pou Moun ki nan Bezwen
- b. Fòm Demann Èd Finansye
- c. Rezime nan Langaj Senp Politik Èd Finansye
- d. Lis Founisè Politik Èd Finansye a Kouvri epi ki Pa Kouvri
- e. Lajan yo Abitye Peye